



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI PWOGRAM KAMERA LIMYÈ WOUJ YO AK PWOTEJE NOUYÒKÈ YO SOU WOUT LA

Nouvo lwa a pwolonje pwogram kamera limyè wouj ki egziste yo atravè eta a

Pi gwo ekspansyon pwogram kamera limyè wouj nan istwa Vil New York

Lejislasyon S9504A/A.3120A pwoteje elèv yo nan ogmante sanksyon pou moun depase ak double yon otobis lekòl

Lejislasyon S9361/A.8557 egzije pou itilize senti sekirite nan otobis lokasyon pou timoun yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou ogmante sekirite wout nan pwolonje pwogram kamera limyè wouj ki egziste deja atravè eta a epi etabli yon nouvo pwogram kamera limyè wouj nan Hudson Valley. Sa enkli pi gwo ekspansyon pwogram kamera limyè wouj la nan istwa Vil New York. Aksyon jodi a devlope sou [eritaj Gouvènè Hochul](#) ki otorize kominote atravè eta a pou itilize teknoloji kamera pou kenbe sekirite nan sikilasyon epi pwoteje Nouyòkè yo. Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon ki pral pwoteje timoun nan otobis yo ak lòt mezi ki fèt pou kenbe elèv yo an sekirite epi kenbe chofè ensousyan yo responsab.

"Sekirite tout Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen epi nou konnen pwogram kamera limyè wouj yo efikas pou pwoteje Nouyòkè yo kont chofè danjere yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, m ap pwolonje otorizasyon pwogram atravè New York epi m ap etabli yon pwogram adisyonèl pou kenbe pwogrè nou sou sekirite sikilasyon, pandan m ap kreye nouvo pwoteksyon pou timoun ki gen laj lekòl sou wout la."

Pake lejislasyon sa a pral pwolonje, elaji, oswa kreye pwogram kamera limyè wouj nan domèn sa yo:

- Vil New York - pwolonje ak elaji
- Vil White Plains - pwolonje
- Vil Albany - pwolonje
- Konte Nassau - pwolonje
- Vil Greenburgh - yon pwogram konplètman nouvo
- Vil Mount Vernon - pwolonje

- Vil New Rochelle - pwolonje

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Pwogram kamera limyè wouj yo sove lavi lè yo amelyore sekirite wout yo epi redwi vyolasyon nan sikilasyon yo. Mwen kontan sipòte S.9305A an repons a yon bezwen klè nan Vil Greenburgh, patikilyèman nan entèseksyon Ardsley ak Old Army Roads, kote aksidan ki gen rapò ak limyè wouj yo te fèt. Inisyativ sa a pral pwoteje pyeton yo epi ankouraje moun kondwi yon fason responsab. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa ak pou angajman li pou pwoteje plis lari nou yo".

Senatè Eta Neil Breslin te deklare, "Pwogram Kamera Limyè Wouj la pwouve li se yon gwo dekourajman pou chofè yo pa boule limyè wouj yo. Senpleman mete, kamera sa yo fè lari nou yo pi an sekirite pou pyeton, siklis ak otomobilis tou. Mwen bat bavo pou Gouvènè Hochul paske li siyen sa ak lòt mezi sekirite pou vin lwa".

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Jodi a make yon gwo jou pou sekirite tout Nouyòkè soti nan kamera limyè wouj rive nan lòt règ ak règleman ki asire sekirite chofè yo ak pyeton yo. Mwen kontan espesyalman pou m wè pwomilgasyon Pwojè Lwa S9735, ke mwen te sipòte ansanm ak Manm Asanble Gary Pretlow nan non Vil Mount Vernon ap elaji règleman sikilasyon sa yo. Mèsi Majistra Mount Vernon, Shawyn Patterson-Howard ak Prezidan Konsèy Vil la, Cathlin Gleason, pou efò devwe yo pou asire sekirite sitwayen Mount Vernon yo. Mwen eksprime rekonesans mwen bay anpil lidè lejislatif yo kote efò san pran souf yo asire yon pi bon kalite lavi pou tout moun. Epi toujou, mèsi a Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak rezolisyon li k ap kontinye."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Vitès se yon danje grav, espesyalman alantou lekòl nou yo, e pwogram kamera vitès yo te pwouve yo fè yon diferans reyèl nan prevansyon lanmò, nan kenbe ni elèv yo ak pi gran kominote a an sekirite. Mwen fyè pou m sipòte lejislasyon sa a ki pèmèt Vil Kingston lanse yon pwogram pilòt kamera vitès nan kèk zòn lekòl pou pi byen pwoteje rezidan nou yo. Trajikman, nou te pèdi twòp lavi nan Konte Ulster akòz aksidan ki gen rapò ak sikilasyon, e nouvo lwa sa a se yon mezi enpòtan ki pral ede rann lari nou yo vin pi an sekirite nan zòn lekòl Kingston yo."

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Avèk siyati lwa sa a, n ap pran mezi enpòtan pou kenbe wout nou yo pi an sekirite pou tout moun. Pwolonje pwogram kamera limyè wouj New Rochelle la pral redwi konpòtman danjere pou kondwi nan entèseksyon kritik yo, pwoteje pyeton yo ak chofè yo menm jan. Agrandisman sa a demontre angajman nou k ap kontinye pou itilize teknoloji pou amelyore sekirite piblik atravè Eta New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li fè kenbe sekirite Nouyòkè yo kòm yon priyorite".

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Mwen sipòte totalman lejislasyon Gouvènè Hochul pou ogmante kamera limyè wouj atravè Eta New York epi ranfòse penalite pou moun ki double otobis lekòl yo ilegalman. Mezi sa yo esansyèl pou pwoteje Nouyòkè yo kont chofè danjere e, pi enpòtan toujou, pou pwoteje elèv nou yo. Lè nou bay sekirite piblik la priyorite epi nou kenbe chofè ensousyan yo responsab, n ap kreye

lari ki pi an sekirite pou tout moun epi n ap asire timoun nou yo ka vwayaje lekòl san laperèz."

Manm Asanble, Pat Fahy, te deklare, "Kamera limyè wouj sove lavi. Chofè, pyeton, ak siklis yo tout gen mwens chans pou yo patisipe nan aksidan nan entèseksyon lè kamera limyè wouj yo prezan. Finalman, yo sove lavi yo epi yo ede yo korije konpòtman ki danjere nan kondwi, kenbe tout moun nan lari nou yo an sekirite."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a. Mwen vle tou remèsye Manm Asanble Fahy ak Senatè Breslin pou efò san pran souf yo nan defann pou kenbe lari nou an sekirite. Kamera sa yo travay pou asire chofè yo ralanti epi yo pran plis prekosyon. Lejislasyon tankou sa a ede nou avanse nan direksyon pou kenbe wout nou an sekirite pou lòt chofè, pyeton, siklis, ak moun k ap itilize lòt mwayen transpò."

Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson Howard, te deklare, "Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w siyen lejislasyon an pou pwolonje pwogram kamera limyè wouj la. Mount Vernon angaje anpil pou asire lari ki an sekirite pou tout moun. Lejislasyon sa a jwe yon wòl enpòtan nan plan aksyon sekirite wout nou an, e mezi pou kalme sikilasyon sa yo pral amelyore kalite lavi, mobilite, ak aksè pou jèn nou yo ak granmoun aje yo pandan y ap mache, kondui, ak pedale nan tout kominote nou an."

Majistra White Plains lan, Thomas Roach, te deklare, "Mwen rekonesan anpil pou sipò Gouvènè Hochul pou efò nou pou rann lari White Plains yo vin pi an sekirite. Nou te wè yon rediksyon nan aksidan nan entèseksyon ke lejislasyon an kouvri epi pwolongasyon pwogram nan ap ede nou kontinye tandans pozitif sa a."

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Vil New York la, Ydanis Rodriguez, te deklare, "Kamera limyè wouj sove lavi. Zafè pa respekte limyè wouj yo se yon gwo faktè ki kontribiye nan lanmò nan sikilasyon yo ak done yo pale pou tèt yo: kote nou te enstale kamera sa yo, pase nan limyè wouj ak aksidan ki gen rapò te tonbe 73 pousan. Nan mwa k ap vini yo, nou pral analize done aksidan yo pou detèmine fason ki pi efikas ak ekitab pou elaji itilizasyon zouti sekirite enpòtan sa a. Nou remèsye Majistra Adams, Gouvènè Hochul, Manm Asanble Dinowitz, Senatè Gounardes, ak ofisyèl eli yo nan nivo vil la ak nivo eta pou sipò yo pou rann lari nou yo vin pi an sekirite."

Majistra Adjwen pou Operasyon yo, Meera Joshi, te deklare, "Jodi a nou jere wouj la! Gras a Gouvènè Hochul, sipòtè Senatè Gounardes ak Manm Asanble Dinowitz, ansanm ak tout defansè ki te parèt an fòs, Vil New York kapab elaji kamera limyè wouj li kat fwa—chanje konpòtman nan sikilasyon yo epi kenbe pi move vyolatè yo an flagran. N ap retire menas machin yo sou wout la epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite—yon vrè viktwa."

Lejislasyon S2812A/A5259A pwolonje otorizasyon pou pwogram kamera limyè wouj Vil New York ki egziste jiska 2027 epi ogmante kantite maksimòm entèseksyon ak kamera limyè wouj soti 150 pou rive 600.

Senatè Eta, Andrew Gounardes, te deklare, "Lojik la senp: pifò chofè pa boule limyè wouj. Epi chofè sa yo, ansanm ak tout lòt moun, pi an sekirite lè yo kenbe moun ki fè yo kòmresponsab. Se poutèt sa mwen te adopte lejislasyon pou ogmante kantite kamera nan 600 entèseksyon nan tout vil la. Twa deseni done fè li klè: kamera limyè wouj diminye aksidan epi sove lavi. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske w te siyen ekspansyon enpòtan sa a nan lwa pou plis Nouyòkè yo ka an sekirite nan lari nou yo, kèlkeswa jan yo deplase."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Pwomilgasyon A.5259A jodi a se yon etap enpòtan pou sekirite Nouyòkè yo. Lè nou ogmante kantite entèseksyon ak kamera limyè wouj nan Vil New York soti 150 pou rive 600, n ap pran mezi solid pou anpeche kondwi ensousyan epi redwi kantite moun ki mouri nan sikilasyon yo. Lejislasyon sa a ranfòse angajman nou pou nou itilize teknoloji ki pwouve pou pwoteje pyeton, siklis, ak chofè yo. Mwen fyè pou m travay avèk Gouvènè Hochul ak Senatè Eta Gounardes pou rann wout nou yo vin pi an sekirite epi rann chofè danjere yo responsab. Avèk kamera adisyonèl sa yo, n ap ede sove lavi, anpeche trajedi atravè vil nou an, epi redwi kantite entèraksyon ant lapolis ak otomobilis yo."

Pake lejislatif sa a konsantre tou sou pwoteje elèv yo lè li tabli yon nouvo-pwogram kamera vitès nan Kingston, ogmante penalite paske yo double otobis lekòl ki te kanpe yo, ak egzijans pou senti sekirite pou bis lokasyon yo. Nouvo lwa sa yo reyafime angajman Eta New York pou pwoteje elèv yo atravè Eta New York.

Lejislasyon S.8607A/A.9359A otorize Vil Kingston pou tabli yon pwogram kamera vitès pou jiska twa zòn lekòl, pou pwoteje timoun yo sou wout pou ale lekòl.

Lejislasyon S.9504A/A.3120A ogmante penalite pou zafè depase ak double yon bis lekòl. Amann pou yon twazyèm oswa yon vyolasyon ki vin apre nan twazan ap monte soti nan 1,000 dola rive 1,500 dola. Sa a vize delenkan ki repete yo espesyalman.

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Amelyore sekirite sou wout yo se yon batay konstan. Pwojè lwa yo siyen jodi a se efò ki pi resan nou yo nan sans sa a. Pake sa a gen ladan pwojè lwa enpòtan konsènan sekirite otobis la. A.3120-A ogmante penalite maksimòm pou moun ki double ilegalman yon otobis lekòl ki kanpe epi li baze sou lwa nou fè respekte kamera ki gen siksè. A.8557 egzije pou itilize senti sekirite nan otobis lokasyon yo te prezante an repons a aksidan fatal ane pase a nan Konte Orange. Li enpòtan pou tout moun sèvi ak senti sekirite ak ekipman sekirite sou tout fòm transpò. Pwojè la sa yo pral ede sove lavi. Mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa sa a."

Lejislasyon S9361/A8557 egzije pou tout pasaje ki nan otobis lokasyon yo ki gen plis pase 8 an itilize senti sekirite yo bay yo.

Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare, "Jodi a make yon gwo jou pou sekirite tout Nouyòkè soti nan kamera limyè wouj rive nan lòt règ ak règleman ki asire sekirite chofè yo ak pyeton yo. Mwen kontan espesyalman pou m wè pwomilgasyon Pwojè Lwa S9735, ke mwen te sipòte ansanm ak Manm Asanble Gary Pretlow nan non Vil Mount Vernon ap elaji règleman sikilasyon sa yo. Mèsi Majistra Mount Vernon, Shawyn Patterson-Howard ak Prezidan Konsèy Vil la, Cathlin Gleason, pou efò devwe yo pou asire sekirite sitwayen Mount Vernon yo. Mwen eksprime rekonesans mwen bay anpil lidè lejislatif yo kote efò san pran souf yo asire yon pi bon kalite lavi pou tout moun. Epi toujou, mèsi a Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak rezolisyon li k ap kontinye."

Anfen, Lejislasyon S760B/A402B elaji lwa sou kondwi ensousyan pou enkli pakin. Yo pral defini pakin kòm pwopriyete prive ki gen kapasite pou kat oswa plis machin, ki toupre lokal ak yon wout, pakin ki adjasan ak rezidans youn oswa de fanmi yo pa ladan.

Senatè Eta John Liu te deklare, "Pran kontwòl machin nan pakin, kote chofè yo angaje nan vitès ensousyan, mouvman tèt chaje ak eksè, gen lontan sa yo t ap toumante rezidan New York yo. Pwojè Lwa nou an bay lapolis pi gwo kapasite pou reyaji rapidman ak yon fason desizif lè pran kontwòl danjere sa yo rive pou moun ki responsab yo fè fas ak konsekans pou mete sekirite piblik an danje. Mèsi anpil Gouvènè Hochul paske w adrese enkyetid enpòtan kominote sa a lè w siyen lwa nou an."

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Pèsonn pa ta dwe chape lè y ap kondwi yon fason ki mete lòt moun an danje. Katye nou yo merite pou yo an sekirite pou tout moun," Manm Asanble Nily Rozic te deklare. "Avèk pwomilgasyon lwa sa a, lapolis pral kapab rann chofè ensousyan responsab nan espas sa yo souvan neglije. Mèsi Gouvènè Hochul paske w kontinye asire sekirite kominote nou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)